

BAB V KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dina ieu panalungtikan anu judulna “Ulikan Struktur jeung Psikologi Sastra kana Novél *Diarah Pati* Karya Margasulaksana” miboga tujuan pikeun nganalisis struktur carita jeung psikologi sastra anu nyangkaruk dina ieu novél. Anu jadi objék dina ieu panalungtikan téh nyaéta novél *Diarah Pati* karya Margasulaksana. Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun maluruh ngeunaan struktur carita novél anu ngawengku téma, fakta carita, jeung sarana carita, sarta psikologi sastra ngeunaan aspék kapribadian palaku anu ngawengku tilu struktur kapribadian nu nyangkaruk dina diri palaku nyaéta *id*, *ego*, jeung *superego*. Tiori nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta tiori strukturalisme Robert Stanton jeung tiori psikoanalisis Sigmund Freud. Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta méthode déskriptif analisis kalawan ngagunakeun téhnik talaah Pustaka. Instrumén anu digunakeun nyaéta instrumén tabél struktur carita anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data, sedengkeun pikeun analisis data ngagunakeun kartu analisis.

Téma ieu novél *Diarah Pati* nyaéta “Misteri”, lantaran dina jero caritana ngagambarkeun rencana ngarah pati palaku utama. Galur anu digunakeun dina ieu novél nyaéta mangnyaritakeun anu ditandaan ku ayana leunjeuran carita anu dicaritakeun deui ku palaku katilu di ahir carita dina novél ieu. Palaku nu ngalalakon dina ieu carita téh aya 12 urang palaku. Palaku utama dina ieu novél *Diarah Pati* aya tilu urang, nyaéta Sarudin salaku nu mawa galur dina ieu novél, Juarta salaku tokoh utama kadua nu ngarojong kana galur jeung paripolah Sarudin, jeung Nari atawa Iran. Anapon téhnik pelukisan palaku anu digunakeun ku pangarang pikeun méré watek ka palaku nyaéta téhnik ékspositori. Ditandaan ku pangarang nu sacara langsung ngadéskripsikeun karakter unggal palakuna. Latar tempat anu kapaluruh dina ieu novél aya genep tempat. Tempat anu jadi puseur ieu carita téh nyaéta Karawang jeung imah Juragan Pangsiun. Latar waktu anu kapaluruh dina novél *Diarah Pati* aya 14 katerangan waktu. Latar sosial anu digambarkeun dina ieu novél nyaéta kahirupan sosial golongan ménak jeung golongan cacah. Judul nu digunakeun luyu jeung nu kaalaman ku palaku dina carita nyaéta *Diarah Pati*, katitén dina caritana anu jalma jahat ngarah patina palaku utama. Pangarang ngagunakeun puseur implengan dina novél *Diarah Pati* nyaéta

jalma katilu teu kawatesanan. Gaya basa anu kapaluruh nu digunakeun ku pangarang aya genep, nyaéta rarahulan (*hiperbola*), mijalma, ngumpamakeun (*simil*), babasan paribasa, ngasor, jeung kadalon.

Dina analisis aspék kapribadian teu sakabéh palaku dipaluruh. Palaku-palaku nu dianalisis aspék kapribadianana tina tilikan psikoanalisis nyaéta palaku-palaku nu watekna katingali jelas. Anapon anu dipaluruh nyaéta palaku utama Sarudin. Dumasar kana hasil analisis aspék kapribadian anu dominan dina diri Sarudin téh nyaéta aspék *ego*. Salian aspék *ego* nu jadi dominan dina diri Sarudin, aspék *id* jeung *superego* ogé dipiboga ku Sarudin. Pangaruh ayana musuh nu ngintip-ngintip jeung ngarah patina Sarudin nu matak manéhna kudu ati-ati pisan dina milampah jalan kahirupanna sangkan teu beunang ku bahaya. *Ego* nu aya dina diri Sarudin ngatur, nahan, sarta nangtukeun kana unggal paripolah Sarudin sangkan pasualan-pasualanna bisa bérés. Aspék kapribadian anu nyangkaruk dina diri Juarta téh aya dua, nyaéta *ego* jeung *superego*. Sarua jeung Sarudin, aspék anu dominan dina diri Juarta téh nyaéta *ego*, lantaran Juarta geus nganggap dulur ka Sarudin kukituna manéhna wani ngabélaan Sarudin nepi ka maot. Aspék kapribadian nu nyangkaruk dina diri Nari mah aya tilu, nyaéta *id*, *ego*, jeung *superego*. Dina tilu aspék ieu *ego* dominan dina diri Nari nu ngabélaan Sarudin salaku adina Rasidin.

Palaku-palaku séjén anu dianalisis aspék kapribadianna téh aya Juragan Pangsiun anu miboga aspék kapribadian *id*, *ego*, jeung *superego*. *Id* ngadorong Juragan Pangsiun sangkan ngalakukeun naon waé nu jadi pangaresepna. Juragan Bara atawa Kardi miboga aspék kapribadian *ego* jeung *superego*. *Ego* Juragan Bara dipaké pikeun kajahatan, nyaéta hianat jeung ngarah pati Sarudin keur kauntungan manéhna. Haji atawa Paman Kardi ogé teu jauh béda jeung Juragan Bara, aspék kapribadianna aya *ego* jeung *superego* sarta *ego*-na dipaké keur kajahatan. Rasidin miboga aspék kapribadian *id*, *ego*, jeung *superego*. Anu dominan dina diri Rasidin téh nyaéta *id* anu nyababkeun *ego* jeung *superego* nuturkeun kahayang *id*. Agan Amir miboga aspék kapribadian *id*, *ego*, jeung *superego*. Sarta Bibi miboga aspék kapribadian *id* jeung *ego*.

Jadi ieu novél diwangun ku struktur carita anu gembleng. Caritana ngagambarkeun kana kaayaan kahirupan masarakat Sunda alam harita. Ngagambarkeun kapribadian ménak jeung cacah sarta kagiatan-kagiatan ngeunaan

mikat titiran. Bisa dicindekeun yén dina hakékatna kapribadian manusa téh sarua. Kapribadian manusa bisa barobah gumantung kana pasualan-pasualan anu keur disanghareupanana.

5.2 Implikasi

Implikasi anu dipiharep sabada réngsé ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) Pikeun panalungtik, bisa ngajembaran élmu pangaweruh tina élmu atawa tiori anu digarap, bisa nyangking data ngeunaan konflik psikologis jeung karakteristik manusa sangkan kahareupna bisa ditalungtik deui leuwih nyuksruk jero.
- 2) Pikeun masarakat, nambahan élmu pangaweruh ngeunaan konflik psikologis nu kasampak dina novél *Diarah Pati* karya Margasulaksana.
- 3) Pikeun paguron luhur tempat kuliah panulis, ieu panalungtikan mugia bisa nambahan référénsi dina mata kuliah sastra atawa psikologi sastra.
- 4) Pikeun mahasiswa, jadi bahan pustaka dina panalungtikan-panalungtikan nu satuluyna.

5.3 Saran

Sabada ngalaksankeun ieu panalungtikan, aya sababaraha rékoméndasi anu perlu ditepikeun dina ieu panalungtikan. Rékoméndasi pikeun:

- 1) Masarakat Akademik atawa nu Maca

Dipiharep bisa ngeuyeuban sumber-sumber paélmuan nu bisa méré mangpaat leuwih pikeun kamajuan élmu pangaweruh hususna dina karya sastra Sunda. Geus kuduna masarakat akademik bisa maluruh kana wacana utamana kana karya sastra, kaasup dina méré ajén leuwih minangka prosés kritik sastra atawa prosés aprésiasi sastra.

- 2) Lembaga Paélmuan

Lembaga paélmuan dipiharep jadi wadah anu bisa ngahudang karep sarta hojah kalangan akademik dina maluruh, ngaji, jeung nalungtik élmu sarta karya sastra.

- 3) Panalungtik Saterusna

Panalungtikan ngeunaan psikologi sastra utamana psikoanalisis geus loba, tapi nu dianalisis lolobana kana hasil karya pangarang. Pikeun panalungtikan kahareupna coba patalikeun analisis kapribadian palaku anu aya dina novél nu digambarkeun ku pangarang jeung kapribadian pangarangna. Naha pangarang bisa

ngagambarkeun kapribadian saperti anu dipilampah ku palaku dina eusi novél, naha aya patalina kapribadian palaku dina novél jeung kasang tukang kahirupan pangarang atawa kapribadian pangarang. Lian ti kapribadian pangarang, kumaha réaksi pamaca kana kapribadian palaku dina eusi novél anu ditalungtik.